



Pou Piblikasyon Imedya: 21/08/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE REFOM POU AMELYORE ESTANDA AK OGMANTE
TRANSPARANS NAN ENDISTRI LIBETE SOU KOSYON AN**

*Gouvènè a Ap Kenpe Pwomès li pou Bay yon Repons Kowòdone Kont Aktivite
San Eskripil nan Endistri Libète Sou Kosyon an Nan Yon Entèval 60 Jou*

*Nouvo [Règlemantasyon](#) Depatman Sèvis Finans yo, K ap Swiv Vizit Odyans ak
Depatman Eta, Elimine Frè Ilegal, Egzije Apwobasyon Kontra Kosyon, Ranfòse
Retou Atan Kolateral ak Prim yo, epi Ogmante Rapò yo*

*DFS ak DOS Pral Lanse Yon Libète sou Kosyon “Deklarasyon Dwa Moun” K ap
Vini Annapre Règlemantasyon Final la*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodia yon nouvo règlemantasyon pou Depatman Sèvis Finans (Department of Financial Services, DFS) a pou ogmante estanda entegrite nan biznis kosyon an, pwoteje moun New York ki vilnerab yo kont abi nan endistri a, ak ogmante transparans ak konpreyansyon liberasyon sou kosyon. Nouvo pwopozisyon [règlemantasyon](#) swiv investigasyon ke DFS t ap mennen sou endistri libète sou kosyon ansanm ak yon seri [seyans](#) odyans piblik ki fèt ansanm an jwen ak Depatman Eta (Department of State, DOS) New York la.

Investigasyon ak seyans yo revele yon endistri ki wonje ak anpil move pratik ak abi kont moun New York vilnerab yo, souvan gwoup ki majinalize yo. Pwopozisyon règleman an rann ilegal pratik sa yo nan nivo otorite estatitè aktyèl eta a. Gouvènè a te anonse tou ke DFS ak DOS pral bay ak edike konsomatè yo sou yon nouvo libète sou kosyon “deklarasyon dwa moun” pou ede moun New York yo konprann pi byen sistèm libète sou kosyon an ak dwa yo genyen nan sistèm sa a.

“Refòm sa yo esansyèl nan efò n ap fè pou dekouraje pratik predatè nan endistri libète sou kosyon an ak pwoteje moun New York kont aktivite kòwonpi pou asire ke tout moun kèlkeswa kondisyon ekonomik yo, ka resevwa trètman egal ak jis devan lalwa”,
Gouvènè Cuomo te deklare. “N ap travay aktivman pou nou refòme sistèm demode nou an pou asire ke New York rete yon senbòl egalite ak jistis pou nasyon an.”

Nouvo règlemantasyon DFS la te anonse jodia:

- Klarifye ke ajan kosyon yo p ap chaje frè ki anplis prim ke estati ak ko espesyal kosyon ke yon tribinal enpoze;
- Egzije apwobasyon sirentandan an avan kontra libète sou kosyon ak fòm yo, ak entèdi itilizasyon fòm ki pa apwouve;
- Mandate retou atan kolateral ak prim kote sa apwopriye;
- Egzije ke ajan kosyon yo bay konsomatè yo yon resi ak kopi tout kontra ak dokiman ki enplike nan tranzaksyon kosyon an;
- Bay enstriksyon ke si yon ajan kosyon livre yon prevni bay tribinal la epi chache anile yon obligasyon, donk yo dwe eksplike, alekri, rezon yo bay tribinal la ak moun k ap achte obligasyon an;
- Bay lòd pou konpayi garan yo fè sipèvizyon rapwoche sou ajan kosyon yo;
- Mande pou ajan kosyon yo pibliye lisans yo ak afiche yon afich “kòman pou w depoze yon plent”;
- Bay manda pou ajan kosyon bay konsomatè yo yon piblikasyon ki souliye dwa konsomatè yo ak responsablite ajan kosyon an;
- Mande pou gen amelyorasyon ki fèt nan jesyon ak rapò sou dosye yo.

Refòm sistèm kosyon antikite New York lan li se yon konpozan enpòtan nan kalandriye jistis kriminèl diskou Eta Leta global Gouvènè a ak angajman New York anvè refòm sistèm kosyon lejislatif lan, ki gen ladan eliminasyon kosyon monetè pou deli minè yo ak krim ki pa vyolan yo. Apre yon anons ke Gouvènè a te fè an Me, DFS, ki gen otorite pou lisansye, sipèvize ak fè aplikasyon sou konpayi garan ak ajan yo, epi Depatman Eta pou Divizyon Pwoteksyon Konsomatè (Division of Consumer Protection, DCP), ki gen pou wè ak edikasyon konsomatè, te fè yon seri odyans nan Vil New York, Rejyon Lwès New York ak New York Santral. DFS te kòmanse tou yon investigasyon endistri a, pandan l ap mande enfòmasyon ak dokiman nan men tout konpayi garan ak ajan kosyon yo nan New York. Investigasyon an ap kontinye epi DFS ankouraje nenpòt pati ki afekte pou kontakte yo nan nimewo gratis (800) 342-3736 oswa nan BailBond2018@dfs.ny.gov. Ajan kosyon yo jwenn ki te vyole lalwa sijè pou revoke lisans li, ak fè li peye amand finansye.

Investigasyon ak odyans komen DFS pou jwenn anpil ajan k ap travay di fè sa ki pi bon nan mezi yo kapab pou ede moun New York asire liberasyon moun yo renmen, men jwenn abi nan sistèm nan tou. Sedyans odyans lan te tande plent konsomatè sou frè ak depans ke ajan kosyon chaje yo, retou kolateral ansanm ak pwoblèm transparans, dwa konsomatè yo ak responsablite ajan kosyon yo.

Nouvo pwopozisyon règlemantasyon an swiv direktiv DFS ki te soti ane pase anrapò ak desizyon inanim 2017 Tribinal New York Apèl nan ka *Gevorkyan v. Judelson* ki te konfime pozisyon Depatman an sou baz Lwa Asirans New York (New York Insurance Law), prim nan swiv risk la. Lè yo pa libere yon prevni nan prizon pa gen risk pou konpayi garan an oswa ajan kosyon an donk yo dwe remèt prim nan.

Anplis pwopozisyon règlemantasyon an, DFS ak DCP pral kreye yon materyèl edikasyon konsomatè ak de mak ansanm ak yon “deklarasyon dwa moun” pou bay konsomatè yo konsèy tanjib ak direktiv lè yo annafè ak yon ajan kosyon. Materyèl la pral disponib sou tou de sitwèb ajan yo. DCP pral souliye enkyetid ak endistri kosyon an nan prezantasyon piblik li yo.

“N ap travay pou pwoteje dwa moun New York yo, konpat abi, ak ede endivid pi byen konprann sistèm libète sou kosyon an”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Amelyorasyon sa yo nan endistri libète sou kosyon pral asire pwoteksyon konsomatè yo ak ogmante transparan nan endistri a. Gouvènè avèk mwen angaje pou asire enpasyalite ak jistis pou tout moun New York.”

Sipè-entandan Sèvis Finansye a, Maria T. Vullo te di, “DFS fyè pou li sipòte inisyativ Gouvènè a pou pwoteje moun New York kont abi yo nan endistri kosyon an pandan l ap pwomilge nouvo pwopozisyon règlemantasyon sa a. Nou p ap pèmèt ajan kosyon fè pwofitè sou moun New York ki souvan twouve yo nan kondisyon ki pi vilnerab yo. Depatman an pral kontinye sipòte repons Eta a atravè refòm règlemantasyon, aksyon ranfòsman apwopriye ak lòt mezi sible pou asire tretman ekitab ak jis pou tout moun New York”.

Rossana Rosado, ki se Sekretè Eta nan New York, te deklare, “Lè yon moun New York bezwen angaje sèvis yon ajan kosyon, se ra pou se yon aktivite planifye. Konsomatè a ki angaje sèvis la souvan twouve li akable ak depans sanzatann, ijans ak posiblite enpak akizasyon kriminel pwofon yo. Nan ka sa a, Divizyon Pwoteksyon Konsomatè a pral travay pou edike moun New York yo sou dwa yo ak solisyon ki disponib lè y ap angaje yon ajan kosyon”.

Administrasyon an pral kontinye eksplòre lejislasyon anplis ak lòt chanjman pou ranfòse otorite New York yo sou ajan kosyon, ak fè pwomosyon pou itilize fòm altènativ kosyon, tankou obligasyon ki pa sekirize ak pasyèlman sekirize ke tribinal la bay dirèkteman, sa ki elimine nesosite lajan kach oswa libète sou kosyon komèsyal.

Pwopozisyon règlemantasyon an sijè a yon peryòd 60 jou pou kòmantè apre piblikasyon an nan Rejis Eta a. W ap jwenn yon kopi règlemantasyon an [la a](#).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)